

# Yon Gid sou Òganizasyon Kominotè pou Imigran yo

*New York City*
*2019*

Haitian Creole

# Tabmatyè


Mesaj sa a se yon Mesaj ki soti nan Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal (Office of Bilingual Education and World Languages) nan Depatman Edikasyon Leta New York.......... 7

Konsèy sou Dènye Aksyon ki gen Rapò ak Imigrasyon.......... 9

Kijan pou Itilize Gid sa a.......... 11

Pwogram nan New York City.......... 12

1. 100 Black Men of America, Inc. .......... 12
2. 100 Hispanic Women National, Inc. .......... 12
3. Advocates for Children of New York.......... 12
4. Advocates for Justice.......... 12
5. African Communities Together.......... 13
6. Alianza (Dominican Cultural Center).......... 13
7. Asian Americans for Equality.......... 13
8. Asian American Legal Defense Fund.......... 13
9. ASPIRA of New York.......... 14
10. Catholic Charities Archdiocese of New York.......... 14
11. Center for an Urban Future.......... 14
12. Center for Independence of the Disabled, NY.......... 15
13. Children's Aid Society.......... 15
14. Chinese American Planning Council.......... 15
15. Chinese Progressive Association.......... 15
16. Church Avenue Merchants Block Association.......... 16
17. City Bar Justice Center.......... 16
18. Coalition for Asian American Children & Families.......... 16
19. Committee for Hispanic Children and Families.......... 16
20. Comprehensive Development, Inc. .......... 17
21. CUNY Citizenship Now!.......... 17
22. Damayan Migrant Workers Association.......... 17
23. The Door.......... 17
24. Families for Freedom.......... 18
25. Federation of Protestant Welfare Agencies.......... 18
26. Flanbwayan Haitian Literacy Project.......... 18
27. Global Action Project.......... 18
28. GMHC, Inc. .......... 19
29. Good Shepherd Services.......... 19

30. HANAC ... 19
31. Her Justice ... 19
32. Human Rights First ... 20
33. Immigrant Defense Project ... 20
34. Immigrant Justice Corps ... 20
35. Indochina Sino American Community Center ... 20
36. International Refugee Assistance Project ... 21
37. International Rescue Committee ... 21
38. Kids in Need of Defense ... 21
39. The Legal Aid Society ... 21
40. Legal Services NYC ... 22
41. Libertas Center for Human Rights ... 22
42. Lutheran Social Services of New York ... 22
43. Mobilization for Justice ... 22
44. Muslim Community Network ... 23
45. New Women New Yorkers ... 23
46. New York Legal Assistance Group ... 23
47. People Against Landlord Abuse & Tenant Exploitation ... 23
48. Puerto Rican Family Institute ... 24
49. Qualitas of Life Foundation ... 24
50. Queer Detainee Empowerment Project ... 24
51. Restaurant Opportunities Centers United ... 24
52. Russian-Speaking Community Council of Manhattan and the Bronx ... 25
53. Safe Horizon Immigration Law Project ... 25
54. Safe Passage Project ... 25
55. Sakhi for South Asian Women ... 25
56. Sanctuary for Families ... 26
57. UnLocal, Inc. ... 26
58. Urban Justice Center ... 26
59. Violence Intervention Program, Inc. ... 26
60. The Workmen's Circle ... 27
61. Youth Represent, Inc. ... 27

Pwogram nan Bronx ... 28

1. Casita Maria Center for Arts & Education ... 28
2. Community Association of Progressive Dominicans ... 28
3. Dominicanos USA ... 28
4. Masa-MexEd, Inc. ... 28
5. Mekong NYC ... 29

6. Mercy Center, Inc. 29
7. Sauti Yetu Center for African Women and Families 29
8. Sisters of Charity of New York 29
9. SoBRO 30
10. St. Jerome H.A.N.D.S. Community Center 30
Pwogram nan Brooklyn 31
1. Academy of Medical and Public Health Services 31
2. Arab American Association of New York 31
3. Arab-American Family Support Center 31
4. Atlas: DIY 31
5. Brooklyn Defender Services 32
6. Catholic Migration Services 32
7. Central American Legal Assistance 32
8. Center for Popular Democracy 32
9. Coalition for Hispanic Family Services 33
10. Council of Peoples Organization 33
11. Family Health Centers at NYU Langone 33
12. Federation of Italian American Organizations of Brooklyn, Ltd 33
13. Flanbwayan Haitian Literacy Project 34
14. Galapagos Center for New Americans 34
15. La Unión 34
16. Make the Road NY 34
17. Mixteca Organization 35
18. Neighbors Helping Neighbors, Inc./Fifth Avenue Committee 35
19. Opportunities for a Better Tomorrow 35
20. Shorefront YM-YWHA of Brighton-Manhattan Beach, Inc. 35
Pwogram nan Manhatan 36
1. East Harlem Tutorial Program 36
2. Hudson Guild 36
3. LSA Family Health Service 36
4. Northern Manhattan Coalition for Immigrant Rights 37
5. Northern Manhattan Improvement Corporation 37
6. Northern Manhattan Perinatal Partnership 37
7. People’s Theatre Project 37
Pwogram nan Queens 38
1. Adhikaar 38
2. The ANSOB Center for Refugees 38

3. Arab-American Family Support Center ... 38
4. CAIR-NY Council on American-Islamic Relations ... 39
5. Catholic Migration Services ... 39
6. Center for the Integration and Advancement of New Americans ... 39
7. Chhaya Community Development Corporation ... 39
8. Cidadão Global ... 40
9. Coalition for Hispanic Family Services ... 40
10. Council on American-Islamic Relations, New York Chapter ... 40
11. CUNY CLEAR ... 40
12. Desis Rising Up & Moving ... 41
13. DSI International, Inc. ... 41
14. Emerald Isle Immigration Center ... 41
15. Immigration Advocacy Services, Inc. ... 41
16. India Home, Inc. ... 42
17. Jacob A. Riis Neighborhood Settlement ... 42
18. Latin Women in Action, Inc. ... 42
19. Metropolitan Russian American Parents Association (MRAPA) ... 42
20. MinKwon Center for Community Action, Inc. ... 43
21. Polonians Organized to Minister to Our Community ... 43
22. Queens Community House ... 43
23. South Asian Council for Social Services ... 43
24. Sunnyside Community Services ... 44
25. Women for Afghan Women New York Community Center ... 44
26. YWCA Queens ... 44

Pwogram nan Staten Island ... 45

1. El Centro del Inmigrante ... 45
2. The Ghanaian Association of Staten Island NY, Inc. ... 45
3. Migration Resource Center Staten Island ... 45
4. Project Hospitality ... 45
5. Sauti Yetu Center for African Women and Families ... 46

Resous Toupatou nan Eta a ... 47

Òganizasyon Kominotè Toupatou nan Eta a ... 48

Remèsiman ... 50

Objektif dokiman sa a, *Yon Gid sou Òganizasyon Kominotè pou Imigran yo* se pou sèvi kòm resous pou piblik la. Depatman Edikasyon Leta New York (New York State Education Department, NYSED) pa kontwole ni garanti kalite sèvis yo bay nan òganizasyon ki make sou lis la, ni nonplis tou se pa poutèt li fè referans ak yon òganizasyon ki vle di oswa ki siyifye NYSED andose òganizasyon an ak tout sèvis li bay yo.

* Òganizasyon an bay tout moun sèvis, kèlkeswa afilyasyon relijye yo.

# Mesaj sa a se yon Mesaj ki soti nan Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal (Office of Bilingual Education and World Languages) nan Depatman Edikasyon Leta New York.

Lè yon kominote gen paran, responsab legal ak lòt moun ki jwe yon wòl parantal ki enfòme e ki otonòm se bagay ki kritik pou asire Aprenan Plizyè Lang (Multilingual Learners, MLL yo)/ Aprenan Lang Angle yo (English Language Learners, ELL yo) resevwa bonjan sipò yo bezwen an e pou yo pwospere. Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal (OBEWL) nan Depatman Edikasyon Leta New York la kreye ***Yon Gid sou Òganizasyon Kominotè pou Imigran yo*** ki bay yon lis òganizasyon ki toupatou nan Leta New York. Chak òganizasyon sa yo ofri yon varyete sèvis. Pami sèvis yo bay yo, gen defans ak angajman kominotè, swen medikal ak asirans, lojman, travay ak anplwa, sèvis legal ak estati legal, asistans piblik, pwoteksyon, ak sèvis pou jenn yo ak edikasyon. Sèvis sa yo ka itil pou paran ak kominote yo.

OBEWL pran angajman pou l sipòte MLL yo/ELL yo ak fanmi yo toupatou nan leta New York. Nou ankouraje paran MLL yo/ELL yo ak ansyen MLL yo/ELL yo pou yo kontakte òganizasyon sa yo lè yo bezwen asistans. Lè fanmi yo jwenn sipò pou sa yo bezwen, timoun yo vin gen yon bon baz ki pèmèt yo vin gen siksè sou plan akademik e sa prepare yo tou pou kolèj ak karyè yo.

Epitou OBEWL pwodui plizyè resous pou paran MLL yo/ELL yo ke ou ka byen twouve ki itil:

- ***Resous pou Paran timoun ki se Aprenan Plizyè Lang/ Aprenan Lang Angle***- La a, ou pral jwenn enfòmasyon ki esplike kijan yo idantifye timoun yo antanke MLL; jan de pwogram ki disponib pou MLL yo/ELL yo; kilè elèv yo ka soti nan pwogram MLL/ELL yo ni nan sèvis yo bay yo; ak kijan paran yo ka jwenn enfòmasyon adisyonèl, materyèl ak resous nan lekòl lokal yo.
  http://www.nysed.gov/bilingual-ed/english-language-learnermultilingual-learner-parent-resources
- ***Yon Gid pou Paran timoun ki se Aprenan Plizyè Lang/ Aprenan Lang Angle nan Leta New York***- Sa a se yon ti liv ki gen dis paj ki bay deskripsyon pwogram Edikasyon Bileng ak Angle kòm yon Nouvo Lang; ki gen Kesyon Moun Poze Souvan sou MLL yo/ELL yo; Reyalite sou Bilengwis ak Edikasyon Bileng; lyen ki gen resous pou paran elèv MLL/ELL, ak ti konsèy sou "Patisipasyon Ou nan Edikasyon Pitit Ou.” Yo tradui ti liv sa a nan venn-senk lang, ikonpri nan dis lang elèv MLL/ELL yo plis pale lakay yo nan Leta New York yo.
  http://www.nysed.gov/bilingual-ed/guide-parents-english-language-learnersmultilingual-learners-new-york-state
- ***Dwa Paran yo***- Dokiman sa a fè yon rezime sou dwa kritik ki konsène aksè nan edikasyon ak pwogramasyon pou elèv MLL yo/ELL yo ak paran yo. Yo mete rezime sou dwa esansyèl sa yo nan yon fòma ki gen yon paj referans ki byen fasil pou li, epi yo tradui l nan venn-sèt lang.
  http://www.nysed.gov/bilingual-ed/parents-bill-rights-new-york-states-english-language-learnersmultilingual-learners-ell

- ***Liy Asistans Telefonik pou Paran timoun ki se Aprenan Plizyè Lang/ Aprenan Lang Angle-*** Yo kreye liy asistans telefonik sa a pou bay paran, responsab legal ak lòt moun ki jwe wòl paran pou timoun MLL yo/ELL yo, enfòmasyon sou dwa yo ak sou sèvis ki disponib pou pitit yo, konfòmeman ak Règleman Komisyonè 154 (Commissioner's Regulation 154). Epitou li gen yon sistèm ladann pou reponn kesyon byen presi sou fason yo bay sèvis sa yo. **Nimewo telefòn nan:** (800) 469-8224 https://steinhardt.nyu.edu/metrocenter/ellparenthotline
- ***Gid pou Paran NYSITELL ak NYSESLAT***- Gid sa yo bay yon esplikasyon sou 2 nan tès evalyasyon ki evalye nivo/ konpetans nan lang Angle pou elèv ke Angle se pa lang manman yo oswa se pa lang yo pale lakay yo. Yo tradui gid yo nan venn-de lang.
  http://www.nysed.gov/bilingual-ed/nysitell-and-nyseslat-parent-guides
- **Videyo Oryantasyon pou Paran: Pwogram pou Aprenan Plizyè Lang/Aprenan Lang Angle nan Leta New York, disponib nan 10 lang**- *Videyo ki fèt ak desen anime sou fon blan sa a dekri metòd yo itilize pou idantifye ak evalye MLL/ELL yo; lèfini li dekri an detay plizyè opsyon pwogram ki disponib.* Epitou videyo a dekri diferans ki genyen ant pwogram Angle kòm yon Nouvo Lang (English as a New Language) ak divès modèl pwogram Edikasyon Bileng (Bilingual Education) yo.
  http://www.nysed.gov/bilingual-ed/parent-orientation-video-english-language-learner-ell-programs-new-york-state.
  Tèks Naratif Videyo a disponib tou nan 9 lòt lang.
  http://www.nysed.gov/bilingual-ed/parent-orientation-video-english-language-learner-ell-programs-new-york-state
- ***Chimen Kolèj pou Aprenan Plizyè Lang/Aprenan Lang Angle-*** Yon Gid Pou Antre Nan Kolèj pou Aprenan Plizyè Lang/Aprenan Lang Angle nan Leta New York.
  http://www.nysed.gov/bilingual-ed/roadmap-college
- Metsouli, chak biwo nan Depatman Edikasyon Leta New York la kreye plizyè resous pou sipòte paran. Pou ka jwenn lis ki gen tout biwo Depatman an, ale nan:
  http://www.nysed.gov/about/program-offices

# Konsèy sou Dènye Aksyon ki gen Rapò ak Imigrasyon

**Depatman Edikasyon Leta New York (NYSED) pran angajman pou l asire l lekòl nou yo rete yon refij kote tout elèv ka aprann an tout sekirite. NYSED ansanm ak Biwo Pwokirè Jeneral nan Leta New York la soumèt konsèy suivan yo pou pwoteje elèv ki se imigran yo.**

*Enfòmasyon ki konsène kondisyon imigrasyon yo:*

- Selon Lwa sou Edikasyon nan Leta New York la, tout timoun ki gen plis pase senk lane epi mwens pase venteyen lane daj epi ki pako resevwa yon diplòm lekòl segondè gen dwa pou yal nan lekòl piblik nan distri lekòl kote yo abite a san yo pa peye frè eskolarite kèlkeswa kondisyon sitwayènte oswa kondisyon imigrasyon yo.
- Nan ka Plyler v. Doe (Plyler kont Doe), Kou Siprèm Amerikèn nan te deklare ke distri lekòl yo paka refize elèv yon edikasyon piblik gratis poutèt yo pa gen papye oswa poutèt yo pa sitwayen ameriken, oswa sou baz estati paran oswa responsab legal yo.
- Lè enskripsyon yo, lekòl yo pa fèt pou poze kesyon ki ka revele kondisyon imigrasyon yon timoun, sètadi yo pa dwe mande pou yon nimewo Sekirite Sosyal.
- Konsènan kesyon U.S. Immigration and Customs Enforcement (ICE) poze, ikonpri demann yo soumèt pou rankontre oswa entèvyouve elèv, oswa demann pou aksede dosye elèv yo, anplwaye distri lekòl yo fèt pou konsilte sipè-entandan yo ak avoka ki reprezante lekòl yo imedyatman pou konnen si lè yo onore yon tèl demann sa ka lakòz distri a vyole yon lwa aplikabilite jeneral, ki enkli lwa New York Family Court Act (NYFCA) [Lwa pouTribinal ki Trete Ka Familyal nan New York] ak lwa federal Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA) [Lwa sou Dwa Edikasyon Familyal ak sou Pwoteksyon Vi Prive].

*Enfòmasyon konsènan diskriminasyon, asèlman ak entimidasyon nan lekòl yo:*

- Lwa Dignity for All Students Act (DASA) [Lwa Diyite pou Tout Elèv] nan Leta New York la te pwomilge nan lane 2012 pou bay elèv yo yon anviwònman san danje e ki ankourajan, san diskriminasyon, san asèlman, ak san entimidasyon anndan enstalasyon lekòl la, nan otobis lekòl epi/oswa nan yon aktivite eskolè, epi yo te amande lwa sa a nan lane 2013 pou li enkli entimidasyon vityèl (pa mwayen elektwonik).
- NYSED bay distri, paran ak responsab legal yo sipò lè yo gen kesyon konsènan DASA. Ou ka kontakte Depatman an nan:
    - The Office of Bilingual Education and World Languages (Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal) nan (718) 722-2445 oswa nan obewl@nysed.gov.
    - The Office of Student Support Services (Biwo Sèvis Asistans Elèv la) nan (518) 486-6090 oswa nan studentsupportservices@nysed.gov.
    - Si ou bezwen èd ki gen rapò ak lang, kontakte Liy Asistans Telefonik pou Paran nan Language Regional Bilingual Education Resource Network (RBERN) nan (800) 469-8224 oswa ale nan nysparenthotline@nyu.edu.
- Pou ka gen yon kopi ofisyèl sou kominikasyon ak tradiksyon sa yo, tanpri ale nan: http://www.nysed.gov/bilingual-ed/information-regarding-recent-immigration-related-actions.

*Konsèy biwo Gouvènè New York la bay:*

- Selon Lòd Egzekitif 170 Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen an, ajans ak fonksyonè Leta New York yo pa gen dwa pou yo poze kesyon oswa revele enfòmasyon sou kondisyon imigrasyon okenn moun, amwenske lalwa egzije yo fè

l oswa si i nesesè pou detèmine elijibilite pou resevwa yon benefis oswa sèvis. Lòd sa a valab pou ofisye polis yo tou amwenske yap mennen ankèt sou aktivite kriminèl. Ale la a pou ka li lòd egzekitif la: https://www.governor.ny.gov/news/governor-cuomo-signs-executive-order-prohibiting-state-agencies-inquiring-about-immigration.

- Biwo Gouvènè Leta New York la reyafime sipò l pou imigran yo, lèfini li anonse lap pran plizyè inisyativ, tankou kreye yon nouvo Inite kont Krim Rayisab nan Lapolis Leta a (State Police Hate Crimes Unit) ki gen pou misyon envestige krim rayisab potansyèl; agrandi Lwa sou Dwa Imen nan New York (New York's Human Rights Law) pou l pwoteje tout elèv toupatou nan leta a; ak fonde Biwo ki jere Fon pou Defans Legal Imigran ak Nouvo Ameriken (Office of New Americans and Immigrant Legal Defense Fund) pou l asire l tout imigran ka jwenn enfòmasyon ak moun ki pou defann yo. Ale la a pou ka wè kominike Gouvènè a: https://www.ny.gov/programs/we-are-all-immigrants.

# Kijan pou Itilize Gid sa a

**Depatman Edikasyon Leta New York kwè toutbon ke edikasyon yon timoun pa fèt nan salklas sèlman, men li fèt tou lakay yo ak nan kominote yo. Nan anyè sa a, gen yon lis òganizasyon kominotè nan New York City ki ofri diferan sèvis ki ka itil pou imigran New York yo.**

- Anyè a bay non òganizasyon yo, adrès yo, enfòmasyon pou kontakte yo, yon ti deskripsyon sou sèvis yo ofri yo ak nan ki lang yo bay sèvis sa yo.
- Yo mete òganizasyon yo pa òd alfabetik.
- Gid sa a gen plizyè seksyon ladann. Premye seksyon an gen lis pwogram ki disponib toupatou nan toulèsenk minisipalite nan New York City yo (Bronx, Brooklyn, Manhattan, Queens, ak Staten Island). Lis ki vin apre a konsène minisipalite yo an patikilye e yo ka ofri sèvis yo nan minisipalite a sèlman.
- Laplipa sèvis ki sou lis la gratis. Sepandan, ka gen sèvis yo pa genyen. Toujou konfime pri a ak òganizasyon an anvan menm ou itilize sèvis yo bay yo.
- Pou ka asire w pwogram yo disponib, yo rekòmande pou rele òganizasyon an davans.

**Senbòl fonse ki parèt sou kote chak òganizasyon reprezante sèvis li bay yo.**

| | |
|---|---|
| Defans ak Angajman Kominotè | Sèvis Legal ak Estati Legal |
| Swen Medikal ak Asirans | Asistans Piblik |
| Lojman | Pwoteksyon |
| Travay ak Anplwa | Sèvis pou Jenn ak Edikasyon |

# Pwogram nan New York City

1. **100 Black Men of America, Inc.**
   Lang: Angle
   105 E. 22nd St. Suite 911, New York, NY 10031
   Telefòn: (212) 777-7070
   https://100blackmen.org/
   Se pi gwo rezo parennaj pou gason ki Afriken Ameriken nan tout peyi a. Epitou li bay sèvis nan domèn edikasyon, byennèt ak sante, otonomi ekonomik, ak devlopman lidè.

2. **100 Hispanic Women National, Inc.**
   Lang: Angle, Panyòl
   413 E. 120th St. Suite 314 New York, NY 10035
   Telefòn: (646) 689-2260
   https://www.100hispanicwomen.org/
   Objektif li se pou l fè fanm Latinas yo pran otonomi yo atravè inisyativ pou pwogrè pwofesyonèl, kontak ak aktivite.

3. **Advocates for Children of New York**
   Lang: Arab, Bengali, Chinwa, Angle, Franse, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris, Panyòl, Oudou
   151 West 30th St. 5th Floor, New York, NY 10001
   Telefòn: (212) 947-9779
   http://www.advocatesforchildren.org/
   Objektif li se ankouraje tout elèv yo antre nan pi bon pwogram edikasyon ki gen nan New York. Li itilize sèvis espesyalis nan edikasyon ak avoka pou l bay konsèy legal gratis epi l reprezante yo nan odyans ki fèt lekòl ak nan odyans pou apèl; li òganize seminè enfòmatif e li bay resous gratis.

4. **Advocates for Justice**
   Lang: Angle, Mandaren
   225 Broadway, Suite 1902, New York, NY 10007
   Telefòn: (212) 285-1400
   www.advocatesforjustice.net
   Objektif li se fè rechèch, pibliye dokiman envestigasyon ak dokiman edikatif, òganize avoka toupatou nan peyi a pou fè travay pro bono (gratis) e pou bay sèvis reprezantasyon bon mache.

5. **African Communities Together**
Lang: Amarik, Arab, Angle, Franse, Foulani, Igbo, Kriyo, Krou, Mandingo, Yowouba, Wolòf, ak lòt lang Afriken
127 West 127th Street, Suite 221, New York, NY 10027
Telefòn: (347) 746-2281
http://www.africans.us/
Li bay èd legal pou imigrasyon, asistans pou ti biznis, devlopman travay, ak travay sosyal jeneral ak referans sèvis. Epitou li ofri sèvis entèpretarya ak sèvis defans.

6. **Alianza (Dominican Cultural Center)**
Lang: Angle, Panyòl
530 West 166th Street at Amsterdam Avenue, New York, NY 10033
Telefòn: (212) -740-1960
www.harlemonestop.com/organization/748/alianza-dominicana-cultural-center
Se yon òganizasyon devlopman kominotè ki pa travay pou pwofi ki asosye ak jèn yo, fanmi yo ak enstitisyon piblik e prive pou l revitalize katye ki ekonomikman an detrès.

7. **Asian Americans for Equality**
Lang: Angle, Chinwa, Mandaren, Kantonè, Panyòl
108 Norfolk Street, New York, NY 10002
Telefòn: (212) -979-8381
aafe.org
Se yon òganizasyon ki pran angajman pou l prezève lojman a pri abòdab atravè New York e pou l bay sèvis konsèy, asistans finansyè ak antrènman pou moun, ti biznis ak katye yo pran otonomi yo.

8. **Asian American Legal Defense Fund**
Lang: Bengali, Birman, Kanbodjyen, Kantonè, Angle, Filipino, Goujarati, Indi, Hmong, Endonezyen, Japonè, Khmè, Koreyen, Lawosyen, Chinwa Mandaren , Nepalè, Ponnjabi, Tagalòg, Tayiwanè, Tamil, Telougou, Tayilandè, Vyetnamyen ak lòt lang
99 Hudson St., 12th Floor, New York, NY 10013
Telefòn: (212) 966-5932
http://aaldef.org/
Se yon òganizasyon ki pwoteje ak pwomouvwa dwa sivil Azyatik Ameriken atravè litij, defans, edikasyon ak òganizasyon.

9. **ASPIRA of New York**
   Lang: Angle, Panyòl
   15 W. 36th St. 15th Floor, New York, NY 10018
   Telefòn: (212) 564-6880
   http://www.aspirany.org/
   Li defann epi l gen pwogram pou edikasyon ak devlopman pou jèn Latino ak Pòtoriken nan New York City. Pwogram yo gen rapò ak gradyasyon, aksè nan kolèj, devlopman konpetans, sèvis kominotè ak lòt aktivite anrichisman.

10. **Catholic Charities Archdiocese of New York**
   Lang: Angle, Panyòl
   1011 First Avenue, 11th Floor, New York, NY 10022
   Telefòn: (888) 744-7900
   https://catholiccharitiesny.org/
   Li bay sèvis pou timoun, pou moun ki grangou ak sanzabri, fanmi, moun ki andikape, epi l ede jwenn solisyon lè gen kriz, li ede entegre imigran ak refijye atravè konsèy legal, kou Angle ak kou sivik, ak otorizasyon travay.

11. **Center for an Urban Future**
   Lang: Angle
   120 Wall Street, 20th Floor, New York, NY 10005
   Telefòn: (212) -479-3344
   www.nycfuture.org
   Li travay pou l eseye diminye inegalite, ogmante mobilite ekonomik, ak ogmante ekonomi New York City. Òganizasyon an itilize rechèch ki baze sou enfòmasyon reyèl pou l soulve pwoblèm enpòtan ke yo minimize souvan pou moun ki pran desizyon politik yo ka okouran de pwoblèm sa yo, epi li prezante solisyon pratik ki fòtifye New York e ki ede tout moun New York yo patisipe nan pwosperite vil la kap ogmante.

12. **Center for Independence of the Disabled, NY**
Lang: ASL (Langaj Siy Ameriken), Arab, Bengali, Kantonè, Edo, Angle, Farsi, Franse, Grèk, Kreyòl Ayisyen, Ebre, Indi, Italyen, Japonè, Loma, Mandaren, Nepalè, Pòtigè, Woumen, Ris, Panyòl, Tibeten, Oudou, Ouzbèk
841 Broadway Suite 301, New York, NY 10003
Telefòn: (212) 674-2300
https://www.cidny.org/
Li travay nan defans, règleman ak sèvis dirèk pou moun ki andikape; li kouvri domèn: konsèy sou benefis, devlopman abilite pou mennen yon vi endepandan, asistans pou lojman, asistans pou ede moun jwenn travay, jwenn swen medikal, konsèy nan men parèy ou, tranzisyon ak deplasman nan mezon retrèt, tranzisyon pou jèn yo, referans ak aktivite rekreyatif.

13. **Children's Aid Society**
Lang: Angle, Panyòl
711 Third Ave. Suite 700, New York, NY 10017
Telefòn: (212) 949-4800
https://www.childrensaidnyc.org/
Li sipòte timoun, jèn yo ak fanmi nan New York City atravè pwogram sipò familyal, pwogram apre lekòl ak pwogram dete, edikasyon pou timoun piti, sèvis sosyal, sante ak byennèt, antre nan kolèj ak devlopman karyè.

14. **Chinese American Planning Council**
Lang: Kantonè, Angle, Mandaren
150 Elizabeth St., New York, NY 10012
Telefòn: (212) 941-0920
https://www.cpc-nyc.org/
Li gen pwogram nan Manhatan, Brooklyn ak Queens pou kominote Chinwa Ameriken nan sèvis pou timoun piti, nan pwogram apre lekòl ak pwogram dete, sèvis pou jèn yo, sèvis pou moun aje, aktivite kiltirèl, devlopman mendèv, ak angajman kominotè.

15. **Chinese Progressive Association**
Lang: Chinwa, Angle
230 Grand St., New York, NY 10013
Telefòn: (212) 274-1891
https://www.cpanyc.info/
Li ede imigran Chinwa yo atravè kou Angle ak kou pou yo vin sitwayen Ameriken, sansibilizasyon ak edikasyon, otonomi politik, enfòmasyon ak referans.

**16. Church Avenue Merchants Block Association**

Lang: Angle, Franse, Kreyòl Ayisyen, Ris, Panyòl
1720 Church Ave., Brooklyn, NY 11226
Telefòn: (718) 287-2600
https://www.camba.org/
Li ofri plizyè pwogram konplè nan devlopman ekonomi ak devlopman karyè, edikasyon ak devlopman jèn yo, sipò pou fanmi, byennèt ak sante, lojman ak sèvis legal.

---

**17. City Bar Justice Center**

Lang: Li gen aksè ak sèvis entèpretasyon pou nenpòt lang
42 West 44th St., New York, NY 10036
Telefòn: (212) 382-6727
https://www.citybarjusticecenter.org/
Li fasilite aksè pou jwenn sèvis legal pou moun New York ki gen revni ba e ki dezavantaje nan domèn tankou viktim vyolans, viza pou imigran ki viktim trafik moun, reprezantasyon moun nan ka azil, Aksyon Ranvwaye pou Timoun ki Antre (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA) ak lòt kalite èd nan imigrasyon.

---

**18. Coalition for Asian American Children & Families**

Lang: Bengali, Kantonè, Angle, Japonè, Mandaren
50 Broad St. 18th Floor, New York, NY 10004
Telefòn: (212) 809-4675
http://cacf.org/
Yo defann kòz Ameriken Pasifik Azyatik nan New York City atravè règleman, pwogram lidèchip pou jèn yo, lidèchip pou paran yo ak devlopman kapasite ak kreyasyon kowalisyon. Epitou li ka refere moun an patikilye nan òganizasyon afilye yo ki opere nan diferan domèn.

---

**19. Committee for Hispanic Children and Families**

Lang: Angle, Panyòl
75 Broad Street #620, New York, NY 10004
Telefòn: (212) 206-1090
www.chcfinc.org
Li konbine edikasyon, devlopman kapasite ak defans pou ranfòse sistèm sipò ak ranfòse kontinyasyon aprantisaj pou timoun ak jèn yo.

**20. Comprehensive Development, Inc.**

Lang: Arab, Angle, Franse, Pòtigè, Panyòl, Wolòf
240 Second Ave., New York, NY 10003
Telefòn: (212) 353-2010
https://www.cdi-ny.org/
Li asosye ak kat lekòl segondè piblik New York City pou l bay elèv lekòl segondè sèvis pou ede yo gradye nan lekòl segondè pou yo ka antre nan kolèj oswa nan mache travay la. Pami sèvis sa yo gen konsèy pou kolèj ak karyè, sèvis legal, sèvis medikal ak asistans pou lojman, jesyon ka ak leson patikilye ki entansif.

---

**21. CUNY Citizenship Now!**

Lang: Kantonè, Angle, Franse, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Italyen, Mandaren, Polonè, Panyòl
Ale gade nan sitwèb la pou ka jwenn yon lis konplè ki gen adrès ak nimewo telefòn yo.
http://www1.cuny.edu/sites/citizenship-now/
Pwogram asistans legal ki baze nan inivèsite e ki bay bon kalite sèvis gratis, konfidansyèl ki kouvri sèvis pou sitwayènte ak lwa imigrasyon pou moun New York yo. Epi li òganize inisyativ kominotè, edikatif ak volontè.

---

**22. Damayan Migrant Workers Association**

Lang: Angle, Tagalòg
406 West 40th St. 3rd Floor, New York, NY 10018
Telefòn: (212) 564-6057
https://www.damayanmigrants.org/
Li ede moun yo eksplwate nan travay pou yo devlope plan pou yo chape, asire lojman ann ijans ak èd finansyè, li fasilite pou yo jwenn sèvis sosyal ak legal, li ede moun jwenn travay, epi li fasilite fanmi reyini. Epitou li angaje l nan kominote yo epi nan òganizasyon pou estanda travay ki ekitab ak pou moun yo eksplwate nan travay.

---

**23. The Door**

Lang: Angle, Franse, Kreyòl Ayisyen, Panyòl
121 Avenue of the Americas, New York, NY 10013
Telefòn: (212) 941-9090
https://www.door.org/
Li bay jèn yo yo sèvis nan domèn swen sante repwodiktif, konsèy pou sante mantal, asistans legal, kou GED ak kou Angle, kou preparasyon pou antre nan kolèj, devlopman karyè, sèvis sipò pou lojman, aktivite rekreyatif ak manje.

**24. Families for Freedom**

Lang: Angle, Panyòl
35 West 31th St #702, New York, NY 10001
Telefòn: (646) 290-8720
www.familiesforfreedom.org
Sa a se yon òganizasyon dwa moun milti-etni. Se fanmi yo ki òganize l pou fanmi kap fè fas ak e kap goumen kont depòtasyon.

---

**25. Federation of Protestant Welfare Agencies**

Lang: Angle, Panyòl
40 Broad St., New York, NY 10004
Telefòn: (212) 777-4800
http://www.fpwa.org/
Se yon òganizasyon kolektif ki òganize e ki bay sèvis defans ki travay ak ajans manm li yo pou enfliyanse règleman pou kominote ki gen revni ba yo, pou elimine baryè ki anpeche moun avanse epi li konbat povrete andemik. Li ka konekte moun ak resous ki gen nan ajans ki manm yo.

---

**26. Flanbwayan Haitian Literacy Project**

Lang: Angle, Kreyòl Ayisyen
208 Parkside Ave. 2nd Floor, Brooklyn, NY 11226
Telefòn: (718) 774-3037
http://www.flanbwayan.org/
Objektif li se pou l fè elèv imigran Ayisyen yo vin otonòm nan New York City, sitou sa kap Aprann Lang Angle yo, nan edikasyon yo. Li bay sèvis defans nan plase jèn ki fèk vini yo nan lekòl epi li òganize aktivite kiltirèl ak aktivite pou devlope lidè.

---

**27. Global Action Project**

Lang: Bengali, Angle, Panyòl
130 W. 25th St. #2C, New York, NY 10001
https://www.global-action.org/
Se yon òganizasyon pou jèn ki soti nan fwaye ki gen revni ba, pou nouvo imigran, pou kominote LGBTQ yo ki travay pou devlopman lidè ak angajman kominotè, tankou pwogramasyon kreyatif atravè pwodiksyon atistik nan medya, asosyasyon atistik kominotè ak antrènman, ak sansibilizasyon medya.

**28. GMHC, Inc.**

Lang: Angle, Franse, Indi, Koreyen, Polonè, Panyòl, Syedwa
307 W. 38th St., New York, NY 10018
Telefòn: (217) 367-1000
http://www.gmhc.org/

Se pi gwo òganizasyon nan domèn prevansyon, swen ak defans pou VIH/SIDA. Li bay sèvis asistans legal, sante mantal, abi sibsans, sèvis sosyal, devlopman mendèv, aplikasyon pou asirans sante, sipò nan lokasyon, jesyon finansyè, lojman ak anpil lòt ankò.

**29. Good Shepherd Services**

Lang: Angle, Panyòl
305 Parkside Ave. 9th Floor, New York, NY 10001
Telefòn: (212) 243-7070
https://goodshepherds.org/

Li bay jèn yo ak fanmi yo sèvis sipò toupatou nan New York City. Li jere plis pase 80 pwogram nan edikasyon, nan kolèj ak nan karyè, li ba sipò familyal, pwogram fanmi dakèy (foster care) ak adopsyon, pwogram vyolans domestik.

**30. HANAC**

Lang: Angle, Grèk
27-40 Hoyt Ave. S, Astoria, New York 11102
Telefòn: (212) 840-8005
http://hanac.org/

Yon òganizasyon sèvis sosyal ki bay sèvis pou adilt tèlke èd legal, fòmasyon ak travay, lojman ak konsèy, pwogram atistik, bati kominote, edikasyon pou timoun piti, sèvis sante mantal, devlopman ak edikasyon pou jèn yo.

**31. Her Justice**

Lang: Arab, Angle, Franse, Indi, Italyen, Koreyen, Woumen, Ris, Panyòl, Oudou
100 Broadway 10th Floor, New York, NY 10005
Telefòn: (212) 695-3800
https://herjustice.org/

Li bay fanm kap viv nan mizè ak fanmi yo nan New York City sèvis legal ak sèvis sosyal nan kesyon yo trete nan tribinal familyal, nan domèn divòs ak imigrasyon. Li bay konsèy legal, sèvis dosye ak reprezantasyon gratis avoka ki travay sou baz volontè.

32. **Human Rights First**

Lang: Arab, Angle, Franse, Panyòl
75 Broad St. 31st Floor, New York, NY 10004
Telefòn: (212) 845-5200
https://www.humanrightsfirst.org/
Li fè travay defans epi l bay sèvis tankou defann moun nan ka azil ak sèvis travay sosyal.

33. **Immigrant Defense Project**

Lang: Angle, Panyòl
40 West 39th St., 5th Floor, New York, NY 10018
Telefòn: (212) 725-6422
www.immigrantdefenseproject.org/
Li itilize enpak litij, defans ak edikasyon piblik genyen pou l konbat, pou l fè yo sispann depòtasyon an mas ak konbat yon sistèm imigrasyon ki pa ekitab.

34. **Immigrant Justice Corps**

Lang: Arab, Kantonè, Tchèk, Franse, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Mandaren, Polonè, Ponnjabi, Soninke, Panyòl, Tik ak Oudou
Telefòn: (212) 407-3417
https://tinyurl.com/ijcwaitinglist
Li bay sèvis legal pou kesyon ki gen rapò ak imigran e ak kondisyon legal imigran yo tankou natiralizasyon, renouvèlman kat rezidans, chanjman kondisyon imigrasyon, Aksyon Ranvwaye pou Timoun ki Antre (DACA), ak Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS).

35. **Indochina Sino American Community Center**

Lang: Kanbodjyen, Kantonè, Angle, Foudjyanè, Lawòs, Mandaren, Vyetnamyen
170 Forsyth St. 2nd Floor, New York, NY 10002
Telefòn: (212) 226-0317
http://www.isacc-ny.org/
Li ofri sèvis pou moun ki soti nan peyi Vyetnam, Kanbòdj, Hong Kong, Tayiwan, Lachin Popilè ak moun ki soti lòt kote nan Sidès Azi. Li ofri sèvis pou imigran ak sèvis natiralizasyon, antrènman enfòmatik, sèvis pou granmoun aje, sèvis sante, edikasyon nan lang Angle, sèvis manje gratis, sal antrepo, ak yon sanktyè Boudist.

**36. International Refugee Assistance Project**

Lang: Angle, Panyòl, Franse
40 Rector Street, 9th Floor, New York, NY 10006
Telefòn: (646) 602-5600
www.refugeerights.org
The International Refugee Assistance Project travay pou òganize avoka ak elèv ki nan lekòl dedwa pou goumen pou dwa moun ak dwa legal refijye atravè èd legal ak defans règleman.

**37. International Rescue Committee**

Lang: Li gen aksè ak sèvis entèpretasyon pou nenpòt lang
122 East 42nd Street, New York, New York 10168
Telefòn: (212) 551-3000
www.rescue.org
Li ede moun ki te pase tray e ki te pèdi tout sa yo posede poutèt konfli ak dezas. Li ede yo rekòmanse lavi yo pou demen yo ka gen lespwa.

**38. Kids in Need of Defense**

Lang: Angle, Panyòl
Infonewyork@supportkind.org
Telefòn: (202) 824-8680
https://supportkind.org/
Anplwaye kap travay pou Kids in Need of Defense ak avoka pro bono ki travay ak kabinè avoka ki asosye li, konpayi ak lekòl dedwa toupatou nan peyi a, reprezante imigran ki antre poukont yo ak timoun ki se refijye nan ka depòtasyon yo. Nan tèt ansanm, nou pa kite okenn timoun kanpe devan yon tribinal poukont li.

**39. The Legal Aid Society**

Lang: Li gen aksè ak sèvis entèpretasyon pou nenpòt lang
Telefòn: (212) 577-3300
https://www.legalaidnyc.org/
Li bay moun èd legal ak konsèy nan ka sivil, ka kriminèl ak ka ki trete dwa jèn yo. Li jere nimewo telefòn asistans pou imigrasyon, li ede moun jwenn benefis, li ede moun ki sanzabri, moun ki gen revni ba kap peye taks, epi li gen plizyè biwo.

**40. Legal Services NYC**

Lang: Kantonè, Angle, Franse, Kreyòl Ayisyen, Mandaren, Panyòl ak lòt lang ankò
40 Worth St. Suite 606, New York, NY 10013
Telefòn: (646) 442-3600
http://www.legalservicesnyc.org/
Li bay sèvis legal ki aksesib nan diferan domèn, tankou edikasyon, bankwout (fayit), dwa sivil ak sèvis lengwistik, dwa konsomatè, dwa andikape, rekiperasyon apre dezas, lwa travay, lwa familyal, dwa mèt kay, benefis gouvènman, imigrasyon ak defans pou LGBTQ.

**41. Libertas Center for Human Rights**

Lang: Angle, Sinhala, Panyòl; li bay sèvis entèpretasyon nan nenpòt lang
Elmhurst Hospital Annex G, 5th Floor, Rooms 8, 9, 10, 11, 12 nan 79-01 Broadway, Elmhurst, NY 11373
Telefòn: (718) 334-6209
http://www.libertascenter.net/
Li bay sèvis konplè nan domèn medikal, sante mantal, sosyal ak legal pou moun ki siviv maspinay ak vyolasyon dwa imen nan zòn New York City.

**42. Lutheran Social Services of New York**

Lang: Angle, Farsi, Franse, Pòtigè, Panyòl
475 Riverside Drive Suite #1244, New York, NY 10115
Telefòn: (212) 870-1100
http://lssny.org/
Li bay sèvis pou timoun piti, sèvis pou fanmi, sèvis pou jwenn yon bon kay, alimantasyon ak asistans pou manje, asistans pou lojman, asistans legal ak imigrasyon, entèvansyon nan ka dezas ak edikasyon.

**43. Mobilization for Justice**

Lang: Chinwa, Angle, Franse, Panyòl
100 William St. 6th Floor, New York, NY 10038
Telefòn: (212) 417-3700
http://mobilizationforjustice.org/
Li bay sèvis dirèk pou asistans legal pou ka sivil nan domèn tankou bankwout (fayit), dwa andikape, lojman ak lokatè, dwa fanmi, sante mantal, benefis piblik ak dwa travayè.

**44. Muslim Community Network**

Lang: Arab, Angle, Indi, Oudou
239 Thompson St., New York, NY 10012
Telefòn: (646) 481-1772
http://mcnny.org/
Objektif li se pou l konekte ak angaje kominote Mizilman an atravè sesyon enfòmasyon nan edikasyon sivik, devlopman lidè pou jèn yo, edikasyon ak prezantasyon sou divèsite, asistans pou manje ak distribisyon jwèt.

**45. New Women New Yorkers**

Lang: Pwogram yo ka akomode moun pou tout nivo konpetans nan Angle
http://www.nywomenimmigrants.org/
Objektif li se ede fanm pran otonomi yo atravè devlopman fòs travay ak kontak ki disponib pou yo ka jwenn premye travay ki peye yo nan New York City, enskri nan kou edikasyon siperyè, ogmante konfyans yo gen nan tèt yo ak pran angajman kominotè.

**46. New York Legal Assistance Group**

Lang: Angle, Mandaren, Ris, Panyòl; sèvis entèpretasyon disponib sizoka yo ta bezwen l
7 Hanover Square 18th Floor, New York, NY 10004
Telefòn: (212) 613-5000
http://www.nylag.org/
Li adrese bezwen legal moun grasa sèvis legal gratis e konplè pou ka sivil nan domèn tankou edikasyon, fanmi, lojman, travay, benefis piblik, imigrasyon ak sante.

**47. People Against Landlord Abuse & Tenant Exploitation**

Lang: Angle, Panyòl
479 West 126th St., New York, NY 10027
Telefòn: (212) 491-2541
https://www.palanteharlem.org/
Li òganize epi l ankouraje rezidan New York City yo pran otonomi yo kont eksplwatasyon lokatè atravè defans, èd sosyal, mouvman òganizasyon, asistans teknik alontèm, epi l bay moun yo koneksyon pou yo jwenn sèvis legal gratis oswa ki a pri redui ak benefis lojman.

**48. Puerto Rican Family Institute**

Lang: Angle, Panyòl
145 W. 15th St., New York, NY 10011
Telefòn: (212) 924-6320
http://prfi.org/
Li ofri sèvis sosyal ak sèvis swen sante pou tretman sante mantal, entèvasyon lè gen kriz, prevansyon kont plasman, swen rezidansyèl ak edikasyon.

---

**49. Qualitas of Life Foundation**

Lang: Angle, Panyòl
1221 Avenue of the Americas, New York, NY 10020
Telefòn: (646) 885-2295
http://qualitasoflife.org/
Li òganize seminè bileng gratis pou l bay Ispanik ak tout fanmi yo, edikasyon debaz nan domèn finansye.

---

**50. Queer Detainee Empowerment Project**

Lang: Angle, Franse, Polonè, Panyòl
505 8th Ave. #1212, New York, NY 10018
Telefòn: (347) 645-9339
http://www.qdep.org/
Li ede moun ki LGBTQIA GNC & TS ki soti nan sant detansyon pou ka imigrasyon, jwenn sipò ak sèvis sosyal.

---

**51. Restaurant Opportunities Centers United**

Lang: Arab, Angle, Franse, Panyòl, ak lòt lang ankò
275 Seventh Ave. Suite 1703, New York, NY 10001
Telefòn: (212) 343-1771
http://rocunited.org/
Objektif li se amelyore salè ak kondisyon travay moun kap travay nan restoran yo nan tout peyi a. Li antrene moun pou travay nan restoran epi li chèche travay pou yo, li gen pwogram devlopman pou lidè, li bay sipò legal epi l defann règleman.

**52. Russian-Speaking Community Council of Manhattan and the Bronx**

Lang: Angle, Ris
P.O. Box 707, New York, NY 10033
http://russianspeakingcouncil.org/
Se yon òganizasyon entè-relijye e entè-etnik imigran ki pale Ris ki pran inisyativ pou moun pran otonomi ekonomik yo, pou dyalòg entè-kominal, entegrasyon imigran, pou atizay ak kilti.

---

**53. Safe Horizon Immigration Law Project**

Lang: Angle, Panyòl
50 Court St. 8th Floor, Brooklyn, NY 11201
Telefòn: (718) 943-8632
https://www.safehorizon.org/
Se yon òganizasyon ki pa travay pou pwofi ki ede viktim, ki defann kòz, e ki bay sèvis legal pou imigran ki te viktim vyolans domestik, ka abi kont timoun, atak seksyèl, asèlman, trafik moun, jèn ki sanzabri ak lòt krim.

---

**54. Safe Passage Project**

Lang: Angle, Franse, Panyòl; yo gen entèprèt volontè ki pale diferan lang
185 West Broadway, New York, NY 10013
Telefòn: (212) 324-6558
https://www.safepassageproject.org/
Li travay ak avoka ki se volontè e ak etidyan nan lekòl dedwa pou l reprezante minè ki poukont yo nan pwosedi imigrasyon.

---

**55. Sakhi for South Asian Women**

Lang: Bengali, Angle, Indi, Malayalam, Marathi, Ponnjabi, Tamil, Oudou
P.O. Box 1333, Church Street Station, New York, NY 10008
Telefòn: (212) 714-9153
http://www.sakhi.org/
Objektif li se sispann vyolans kont fanm nan dyaspora Sid Azyatik la atravè sèvis sipò pou vyolans domestik ak atak seksyèl, pwogram otonomi ekonomik, imigrasyon ak entegrasyon sivik, jistis repwodiktif, yon pwogram otonomi pou jèn yo, ak èd sosyal, sesyon enfòmasyon ak fòmasyon.

**56. Sanctuary for Families**

Lang: Angle, Panyòl, ak lòt lang ankò selon disponibilite a.
PO Box 1406, Wall Street Station, New York, NY 10268
Telefòn: (212) 349-6009
https://sanctuaryforfamilies.org/
Objektif li se pou l bay moun ki siviv vyolans domestik, trafik seksyèl ak lòt fòm vyolans seksyèl, sèvis ak defans yo bezwen.

---

**57. UnLocal, Inc.**

Lang: Angle, Panyòl
Telefòn: (646) 216-8210
http://www.unlocal.org/
Li konekte imigran yo ak reprezantasyon legal nan plizyè lang ak jesyon dosye. Pri sèvis la abòdab, li serye e li konplè. Epitou li bay enfòmasyon sou imigrasyon epi li devlope pwojè kominotè ki baze sou bezwen.

---

**58. Urban Justice Center**

Lang: Li gen aksè ak sèvis entèpretasyon pou nenpòt lang
Telefòn: (646) 602-5600
https://www.urbanjustice.org/
Li bay pwogram nan sèvis legal dirèk, defans, edikasyon kominotè ak òganizasyon politik pou rezidan New York City yo. Popilasyon li desèvi yo se moun kap chèche azil, refijye ak lòt gwoup ki vilnerab.

---

**59. Violence Intervention Program, Inc.**

Lang: Angle, Panyòl; li bay sèvis entèpretsyon nan pifò lang yo
Triborough Station, P.O. Box 1161, New York, NY 10035
Telefòn: (800) 664-5880
https://www.vipmujeres.org/
Li bay viktim vyolans domestik yo sèvis, ikonpri sa ki pa gen papye legal yo. Li gen pwogram nan imigrasyon, konsèy, lojman, jistis ekonomik, aksè pou kominikasyon nan lang, ak lòt antrènman ak seminè.

**60. The Workmen's Circle**

Lang: Angle, Yidich
247 West 37th St. 5th Floor, New York, NY 10018
Telefòn: (212) 889-6800
https://circle.org/
Se yon òganizasyon ki lite pou jistis sosyal. Li gen pwogram angajman kiltirèl Jwif, aprantisaj nan lang Yidich, edikasyon miltijenerasyonèl ak aktivis.

---

**61. Youth Represent, Inc.**

Lang: Angle, Panyòl
11 Park Place Suite 1512, New York, NY 10007
Telefòn: (646) 759-8080
http://youthrepresent.org/
Li bay jèn ki poko gen laj 25 lane e ki te gen demele ak sistèm jistis kriminèl la, sèvis legal gratis, resous ak pwojè angajman kominotè.

# Pwogram nan Bronx

1. **Casita Maria Center for Arts & Education**
   Lang: Angle, Panyòl
   928 Simpson St., Bronx, NY 10459
   Telefòn: (718) 589-2230
   https://www.casitamaria.org/
   Li sipòte lajenès ak elèv ki nan South Bronx atravè plizyè pwogram atizay, edikasyon ak pwogram piblik. Li gen yon etablisman ki gen espas pou l òganize fè espektak, yon galri ekspozisyon ak estidyo mizik pou kominote a.

2. **Community Association of Progressive Dominicans**
   Lang: Angle, Panyòl
   3940 Broadway, New York, NY 10032
   Telefòn: (212) 781-5500
   http://www.acdp.org/
   Li bay imigran Dominiken ak kominote yo nan New York, sèvis yo bezwen. Li ofri pwogram edikasyon ak pwogram pou devlopman jèn yo, tankou aksè nan kolèj, devlopman karyè, pwogram apre lekòl, sèvis sante mantal, alfabetizasyon adilt ak kou Angle.

3. **Dominicanos USA**
   Lang: Angle, Panyòl
   369 E. 149th St. 11th Floor, Bronx, NY 10455
   Telefòn: (718) 665-0400
   http://dominicanosusa.org/
   Li travay nan kominote Ameriken Dominiken an, li konsantre l sou angajman sivik, li ede yo ranpli aplikasyon gratis pou yo vin sitwayen Ameriken e li sipòte devlopman jèn yo atravè pwojè sèvis.

4. **Masa-MexEd, Inc.**
   Lang: Angle, Panyòl
   2770 Third Ave. 1st Floor, Bronx, NY 10455
   Telefòn: (646) 481-5890
   http://masany.org/
   Li desèvi moun ki soti Meksik ak Latino ki rete South Bronx atravè pwogram edikasyon pou timoun piti, pwogram apre lekòl ak pwogram para-eskolè pou jèn yo, seminè sou angajman sivik, sipò fanmi, jesyon dosye, sèvis legal nan imigrasyon, ak inisyativ pou lidè nan kominote a.

5. **Mekong NYC**
Lang: Angle, Khmè, Vyetnamyen
2471 University Ave., Bronx, NY 10468
http://mekongnyc.org/
Li bay kominote Azyatik Sidès la sèvis nan Bronx ak nan New York City atravè òganizasyon kominotè, aktivite kiltirèl, referans pou swen medikal ak sèvis sosyal.

6. **Mercy Center, Inc.**
Lang: Angle, Panyòl
377 E. 145th St., Bronx, NY 10454
Telefòn: (718) 993-2789
https://www.mercycenterbronx.org/
Li ofri plizyè sèvis ki pèmèt fanm ak fanmi yo nan South Bronx pran otonomi yo atravè sèvis konsèy, kou parantal ak gwoup sipò, devlopman fanmi, sipò pou vyolans domestik, devlopman karyè, kou Angle ak sèvis pou imigran, ak pwogram pou jèn yo.

7. **Sauti Yetu Center for African Women and Families**
Lang: Arab, Angle, Franse, Foulani, Kotokoli, Mandingo, Soninke, Sousou, Twi, Wolòf, ak lòt lang afriken
2417 3rd Ave. Suite 205, Bronx, NY 10451
Telefòn: (718) 665-2486
http://www.sautiyetu.us/
Li bay fanm imigran Afriken ak fanmi yo ki pòv ak sa ki gen revni ba yo, sèvis yo bezwen. Pami sèvis yo gen sipò sosyal, seminè sou konsyantizasyon ak enfòmasyon sou koupe pati jenital fanm, sèvis nan ka vyolans domestik ak vyolans seksyèl, pwogram nan konsèy ki bay sipò ak yon pwogram pou jèn ki se imigran.

8. **Sisters of Charity of New York**
Lang: Angle, Panyòl
6301 Riverdale Ave., Bronx, NY 10471
Telefòn: (718) 549-9200
https://www.scny.org/
Se yon òganizasyon ki baze sou lafwa ki bay sèvis sosyal pou nenpòt ki bezwen. Pami pwogram sa yo gen pwogram edikasyon, kou Angle, sèvis sante ak sèvis sosyal, devlopman lojman, konsèy pou imigran ak pwogram atizay.

9. **SoBRO**
Lang: Angle, Franse, Kreyòl Ayisyen, Panyòl
555 Bergen Ave., Bronx, NY 10455
Telefòn: (718) 292-3113
https://sobro.org/
Objektif li se pou l amelyore kondisyon lavi moun nan South Bronx atravè pwogram edikasyon pou jèn yo ak pou adilt, yon sant pou devlope fòs travay, asistans pou biznis ak asistans pou pwopriyete.

---

10. **St. Jerome H.A.N.D.S. Community Center**
Lang: Angle, Panyòl
330 E. 138th St., Bronx, NY 10454
Telefòn: (718) 402-7866
https://www.jeromehands.com/
Li ofri fanmi ak imigran sèvis sosyal ak sèvis edikasyon, kou Angle, kou konpyoutè, kou pou vin sitwayen Ameriken ak kou GED. Epitou li bay sèvis manje ak asistans pou gen sekirite nan travay.

# Pwogram nan Brooklyn

1. **Academy of Medical and Public Health Services**
   Lang: Arab, Birman, Kantonè, Angle, Franse, Endonezyen, Mandaren, Panyòl
   5306 Third Ave. Second Floor, Brooklyn, NY 11220
   Telefòn: (212) 256-9036
   http://www.amphsonline.org/
   Li ofri imigran New York mwayen pou yo jwenn swen medikal gratis, ak lòt sèvis tankou sèvis klinik, referans pou sèvis sosyal ak enfòmasyon, antrènman ak edikasyon pou sa ki enterese nan pwofesyon medikal yo.

2. **Arab American Association of New York**
   Lang: Arab, Angle, Panyòl
   7111 5th Ave., Brooklyn, NY 11209
   Telefòn: (718) 745-3523
   http://www.arabamericanny.org/
   Li bay kominote Ameriken Arab la sèvis nan Bay Ridge ak nan katye ozalantou Brooklyn yo. Ladann gen edikasyon ak kou pou adilt, sèvis defans, sèvis imigrasyon, devlopman jèn yo, sèvis sosyal nan jesyon dosye ak sèvis entèpretasyon, ak konsèy sou sante mantal.

3. **Arab-American Family Support Center**
   Lang: Arab, Bengali, Angle, Farsi, Franse, Indi, Pachto, Ponnjabi, Nepalè, Panyòl, Tibeten, Oudou, Wakhi ak anpil lòt dyalèk
   150 Court St. 3rd Floor, Brooklyn, NY 11201
   Telefòn: (718) 643-8000
   https://aafscny.org/
   Li ofri imigran yo pwogram nan sèvis prevansyon, aksè pou jwenn swen medikal, edikasyon adilt ak alfabetizasyon, asistans legal, devlopman jèn yo ak sèvis anti-vyolans.

4. **Atlas: DIY**
   Lang: Angle, Italyen, Khmè, Mandaren, Panyòl
   462 36th St., #PHB Brooklyn, NY 11232
   Telefòn: (347) 599-1641
   http://www.atlasdiy.org/
   Li desèvi jèn imigran ki gen ant 14 ak 24 lane. Li ba yo mwayen pou jwenn sèvis legal, pwogram pou devlopman lidè, opòtinite edikatif tankou kan dete ak pwogram apre lekòl, devlopman lidè ak karyè.

5. **Brooklyn Defender Services**
   Lang: Angle, Panyòl
   177 Livingston St. 7th Floor, Brooklyn, NY 11201
   Telefòn: (718) 254-0700
   http://bds.org/
   Yon òganizasyon ki defann dwa piblik ki bay sèvis reprezantasyon legal konplè epi li bay sèvis pou moun ki pa ka peye frè yon avoka .

6. **Catholic Migration Services**
   Lang: Li gen aksè ak sèvis entèpretasyon nan nenpòt lang
   191 Livingston St. 4th Floor, Brooklyn, NY 11201
   Telefòn: (718) 236-3000
   https://catholicmigration.org/
   Li ede imigran lè yo bezwen sèvis legal nan imigrasyon, sèvis legal nan lojman, ak sèvis legal ki gen rapò ak dwa travayè ki se imigran, kèlkeswa kwayans relijye moun nan.

7. **Central American Legal Assistance**
   Lang: Angle, Franse, Panyòl
   240 Hooper St., Brooklyn, NY 11211
   Telefòn: (718) 486-6800
   https://www.centralamericanlegal.info
   Li bay sèvis legal gratis oswa ki pa koute chè pou moun ki soti Amerik Santral ak Amerik di Sid ki rete Brooklyn e kap mande azil.

8. **Center for Popular Democracy**
   Lang: Angle
   449 Troutman Street, Suite A, Brooklyn, NY 11237
   Telefòn: (347) 985-2220
   www.populardemocracy.org
   The Center for Popular Democracy travay pou l kreye yon demokrasi ekitab, ki chaje ak opòtinite e ki dinamik; kidonk li asosye ak òganizasyon yo bati pou gen gwo enpak, li òganize alyans, ak inyon pwogresif.

9. **Coalition for Hispanic Family Services**
   Lang: Bengali, Angle, Franse, Mandaren, Patwa, Panyòl
   315 Wyckoff Ave. 4th Floor, Brooklyn, NY 11237
   Telefòn: (718) 497-6090
   https://www.hispanicfamilyservicesny.org/
   Li ofri sèvis konplè pou timoun ak fanmi ki nan kominote nan Nò Brooklyn, Bushwick, Williamsburg ak East New York.

10. **Council of Peoples Organization**
    Lang: Arab, Bengali, Chinwa, Angle, Franse, Ebre, Indi, Ponnjabi, Ris, Panyòl, Oudou, Ouzbèk
    1077 Coney Island Ave., Brooklyn, NY 11230
    Telefòn: (718) 434-3266
    https://copo.org/
    Li desèvi moun ki soti nan kominote Sid Azyatik ak kominote Mizilman ki nan New York City atravè pwogram pou granmoun aje, pwogram pou timoun piti, pou jèn yo ak pou adilt. Li bay sèvis swen medikal, relasyon kominotè, klinik legal, ak òganizasyon kominotè.

11. **Family Health Centers at NYU Langone**
    Lang: Arab, Chinwa, Angle, Ris, Panyòl
    Ale nan sitwèb yo pou ka wè ki kote adrès biwo yo ye.
    Telefòn: (718) 630-7942
    https://nyulangone.org/locations/family-health-centers-at-nyu-langone
    Li bay swen prensipal ak swen prevansyon pou moun ki pa entène, kit yo ka peye kit yo pa ka peye, oswa kèlkeswa kondisyon asirans yo. Li gen plizyè biwo nan Brooklyn.

12. **Federation of Italian American Organizations of Brooklyn, Ltd.**
    Lang: Angle, Italyen, Panyòl
    8711 18th Ave., Brooklyn, NY 11214
    Telefòn: (718) 259-2828
    https://fiaobrooklyn.org/
    Yon sant kominotè kiltirèl Italyen ki gen enstalasyon tankou bibliyotèk ak jimnazyòm ladann. Li ofri kou parantal, kondisyònman fizik pou adilt, aktivite apre lekòl, pwogram dete pou jèn yo, biwo pou sèvis sosyal ak aktivite kiltirèl.

**13. Flanbwayan Haitian Literacy Project**

Lang: Angle, Kreyòl Ayisyen, Franse
208 Parkside Avenue, 2nd Floor
Brooklyn, NY 11226
Telefòn: (718) 774-3037
flanbwayan.org
Òganizasyon sa a ede imigran ki fenk antre ak jèn adilt imigran Ayisyen ki se elèv nan New York City ki se Aprenan Lang Angle (ELL yo) ki gen ant laj 14 ak 21 lane.

**14. Galapagos Center for New Americans**

Lang: Angle, Panyòl
Telefòn: (347) 709-4262
http://www.galapagoscenternyc.com/
Li travay ak fanm imigran pou amelyore patisipasyon yo nan wòl yo jwe antanke lidè ak patisipasyon nan ekonomi yo atravè sipò yo jwenn nan rezo parennaj yo.

**15. La Unión**

Lang:
6025 6th Avenue, Room 221, Brooklyn, NY 11220
Telefòn: (718) 630-8903
la-union.org
Objektif òganizasyon sa a se pou l pèmèt nouvo imigran yo vin otonòm pou yo ka bay patisipasyon yo pou enfliyanse dyalòg kap fèt sou refòm imigrasyon ak refòm nan règleman yo; epi pou yo defann dwa yo ak dwa kominote yo nan dosye eksplwatasyon, enjistis ak inegalite.

**16. Make the Road NY**

Lang: Angle, Panyòl
301 Grove Street, Brooklyn, NY 11237
Telefòn: (718) 418-7690
www.maketheroadny.org
Make the Road New York ap travay pou Latino yo ak kominote kap travay yo vin gen plis otorite pou yo sa jwenn diyite ak jistis atravè òganizasyon, travay pou gen nouvo règleman, edikasyon kap transfòme yo ak sèvis pou siviv.

**17. Mixteca Organization**

Lang: Angle, Panyòl
245 23rd St. 2nd Floor, Brooklyn, New York 11215
Telefòn: (718) 965-4795
http://www.mixteca.org
Li ofri pwogram ak sèvis pou kominote imigran Meksiken ak Latino Ameriken nan Brooklyn ak New York. Pwogram nan edikasyon adilt, sante, sèvis vyolans domestik, sèvis VIH/SIDA ak sèvis legal pou dosye imigrasyon.

**18. Neighbors Helping Neighbors, Inc./Fifth Avenue Committee**

Lang: Angle, Panyòl
621 DeGraw St., Brooklyn, NY 11217
Telefòn: (718) 237-2017
http://www.nhnhome.org/
Li ede rezidan Brooklyn ki gen revni ba oswa revni modere yo jwenn bon kalite lojman ak akimile byen finansye atravè fòmasyon, konsèy ak enfòmasyon.

**19. Opportunities for a Better Tomorrow**

Lang: Angle, Panyòl
Li gen pizyè biwo nan Brooklyn.
Telefòn: (718) 369-0303
https://obtjobs.org/
Li ofri jèn adilt, adilt ak imigran yo antrènman pou travay ak sèvis sipò pou yo jwenn travay. Pami sèvis li bay yo gen antrènman pou travay, asistans pou mete moun nan travay, kou GED, kou Angle ak sèvis legal pou imigran yo.

**20. Shorefront YM-YWHA of Brighton-Manhattan Beach, Inc.**

Lang: Angle, Ris, Panyòl, Ikrenyen
3300 Coney Island Ave., Brooklyn, NY 11235
Telefòn: (718) 646-1444
https://www.shorefronty.org/
Se yon sant kominotè Jwif e yon ajans sèvis sosyal ki nan sid Brooklyn ki gen pwogram pou jèn yo, aktivite ak angajman kiltirèl, sèvis sante ak sèvis sosyal.

# Pwogram nan Manhatan

1. **East Harlem Tutorial Program**
   Lang: Angle, Panyòl
   2050 Second Ave., New York, NY 10029
   Telefòn: (212) 831-0650
   https://ehtp.org/
   Li ofri jèn nan East Harlem yo pwogram edikasyon kalite siperyè, ki gratis ak opòtinite pou anrichi konesans yo. Pami pwogram sa yo gen pwogram apre lekòl ak pwogram dete, lekòl piblik otonòm (charter schools) ak yon pwogram asistans ak aksè pou antre nan kolèj.

2. **Hudson Guild**
   Lang: Kantonè, Angle, Mandaren, Panyòl
   441 W. 26th St., New York, NY 10001
   Telefòn: (212) 760-9800
   http://hudsonguild.org/
   Li ofri plizyè pwogram pou moun ki travay, rete oswa ki ale lekòl nan katye Chelsea. Li gen sèvis pou adilt, angajman atistik ak kominotè, swen pou timoun piti, sèvis sante mantal ak devlopman jèn yo.

3. **LSA Family Health Service**
   Lang: Angle, Panyòl
   333 E. 115th St., New York, NY 10029
   Telefòn: (646) 672-5200
   http://littlesistersfamily.org/
   Li bay sèvis konplè nan El Barrio/East Harlem, tankou yon gadmanje, aplikasyon pou benefis piblik, swen enfimyè, sante pou anviwònman an, devlopman parantal ak anfantil, sèvis prevantif, magazen likidasyon, konsèy pou sante mantal, ak lòt sipò ankò.

4. **Northern Manhattan Coalition for Immigrant Rights**
Lang: Angle, Franse, Panyòl
665 West 182nd Street, Ground Floor, New York, NY 10033
Telefòn: (212) 781-0355
nmcir.org
Li pran angajman pou l ede moun jwenn plis sèvis legal pou imigrasyon, patisipe lè yap kreye règleman, ak òganize kominote yo. Li edike, defann ak pwoteje dwa imigran yo.

5. **Northern Manhattan Improvement Corporation**
Lang: Angle, Panyòl
45 Wadsworth Ave., New York, NY 10033
Telefòn: (212) 822-8300
http://www.nmic.org/
Li bay sèvis konplè nan domèn entèvansyon lè gen kriz, li bay sèvis legal, planifikasyon pou sekirite, sèvis imigrasyon, konsèy pou sante mantal, entèpretasyon nan lòt lang, benefis piblik, antrènman pou travay, sèvis prevansyon kont degèpisman nan kay, aksè pou jwenn swen sante ak edikasyon pou adilt.

6. **Northern Manhattan Perinatal Partnership**
Lang: Angle, Franse, Panyòl
127 W. 127th St. Third Floor, New York, NY 10027
Telefòn: (212) 665-2600
http://nmppcares.org/
Li bay sèvis sante nan Northern Manhattan. Pami sèvis sa yo gen swen prenatal, kou parantal, ak swen timoun ak "Head Start." Epitou li ofri sèvis sosyal tankou jesyon dosye pou fanm ansent, kou parantal pou fanm ak gason.

7. **People’s Theatre Project**
Lang: Angle, Panyòl
5030 Broadway, New York, NY 10034
Telefòn: (646) 398-9062
https://www.peoplestheatreproject.org/
Li angaje jèn imigran Washington Heights ak Inwood yo nan pwojè atizay ak jistis sosyal. Nan pwogram sa yo gen pwogram apre lekòl, pwogram nan wikenn ak pwogram dete ki mande pou yo ale nan espektak ak prezantasyon atistik.

# Pwogram nan Queens

1. **Adhikaar**
   Lang: Angle, Indi, Nepalè, Tibeten
   71-07 Woodside Ave. 1st Floor, Woodside, NY 11377
   Telefòn: (718) 937-1117
   http://www.adhikaar.org/
   Se yon òganizasyon ki bay sèvis ak defans pou kominote ki pale Nepalè a. Li bay sèvis dirèk tankou tradiksyon ak entèpretasyon pou moun ki pale Nepalè ak Tibeten, epi li konsantre sou dwa travayè yo, li bay yo mwayen pou jwenn swen medikal, ak pwogram pou dwa imigran.

2. **The ANSOB Center for Refugees**
   Lang: Arab, Angle, Franse, Woumen, Panyòl
   28-19 Steinway St. 2nd Floor, Astoria, NY 11103
   Telefòn: (718) 278-4303
   https://www.ansob.org/
   Li bay sèvis legal pou imigran, refijye ak moun ki mande azil yo, kou Angle ak kou pou vin sitwayen Ameriken, jesyon dosye, konsèy nan edikasyon ak asistans pou mete moun nan travay.

3. **Arab-American Family Support Center**
   Lang: Arab, Bengali, Angle, Farsi, Franse, Indi, Pachto, Ponnjabi, Nepalè, Panyòl, Tibeten, Oudou, Wakhi ak anpil lòt dyalèk
   37-10 30th St. 2nd Floor, Queens, NY 11101
   Telefòn: (718) 937-8000
   https://aafscny.org/
   Li ofri pwogram nan sèvis prevansyon, aksè pou jwenn swen medikal, edikasyon adilt ak alfabetizasyon, asistans legal, devlopman jèn yo ak sèvis anti-vyolans, epi li gen yon fon pou nouvo imigran ak refijye.

4. **CAIR-NY Council on American-Islamic Relations**
Lang: Angle, Arab, Oudou
46-01 20th Avenue, Astoria, NY, 11105
Telefòn: (646) 665-7599
www.cair-ny.org/
The Council on American-Islamic Relations-NY (CAIR) se youn nan pi gwo òganizasyon ki okipe afè dwa sivil ak defans dwa moun. Li konsakre tan li pou l konbat diskriminasyon kont Mizilman yo.

5. **Catholic Migration Services**
Lang: Li gen aksè ak sèvis entèpretasyon nan nenpòt lang
47-01 Queens Boulevard Suite 201, Sunnyside, NY 11104
Telefòn: (347) 472-3500
https://catholicmigration.org/
Li ede imigran lè yo bezwen sèvis legal nan imigrasyon, sèvis legal nan lojman, ak sèvis legal ki gen rapò ak dwa travayè ki se imigran, kèlkeswa kwayans relijye moun nan.

6. **Center for the Integration and Advancement of New Americans**
Lang: Arab, Bengali, Angle, Franse, Alman, Indi, Italyen, Ponnjabi, Panyòl, Tik, Oudou, ak lòt lang ankò.
31-09 Newtown Ave. Suite 411, Astoria, NY 11102
Telefòn: (718) 545-4040
https://www.cianainc.org/
Li ofri plizyè sèvis pou imigran tankou kou Angle pou adilt ak kou sitwayènte, sèvis legal, pwogram leson patikilye ak pwogram apre lekòl pou jèn yo, sèvis karyè, ak jesyon dosye.

7. **Chhaya Community Development Corporation**
Lang: Arab, Bengali, Angle, Indi, Nepalè, Ponnjabi, Panyòl, Oudou
37-43 77th St. 2nd Floor, Jackson Heights, NY 11372
Telefòn: (718) 478-3848
http://chhayacdc.org/
Li revandike pou yo satisfè bezwen lojman ak devlopman ekonomik kominote Sid Azyatik New York City atravè sèvis sosyal ak sèvis dirèk, ikonpri devlopman fòs travay, dwa lokatè, ak prevansyon pou yo pa sezi kay moun.

8. **Cidadão Global**
Lang: Angle, Pòtigè, Panyòl
Telefòn: (718) 619-8529
https://www.cidadaoglobal.org/
Li pwomouvwa dwa imigran Brezilyen yo atravè otonomi ekonomik, mouvman òganizasyon ak devlopman lidè, aktivite kiltirèl, asistans legal ak pwogram aksè nan lòt lang.

9. **Coalition for Hispanic Family Services**
Lang: Bengali, Angle, Franse, Mandaren, Patwa, Panyòl
315 Wyckoff Ave. 4th Floor, Brooklyn, NY 11237
Telefòn: (718) 497-6090
https://www.hispanicfamilyservicesny.org/
Li ofri sèvis familyal konplè nan kominote Ridgewood, Elmhurst, ak Corona nan Queens. Pami pwogram yo gen pwogram fanmi dakèy (foster care) ak adopsyon, sèvis sante mantal, yon rezidans kominotè pou timoun, pwogram edikatif apre lekòl ak pwogram dete, sipò parantal ak pwogram pou anpeche abi timoun.

10. **Council on American-Islamic Relations, New York Chapter**
Lang: Arab, Angle, Panyòl, Oudou
46-01 20th Ave., Queens, NY 11105
Telefòn: (646) 665-7599
http://www.cair-ny.org/
Li revandike epi li travay pou kominote Mizilman New York la pran otonomi l. Sèvis li bay yo se sipò legal pou moun kap sibi diskriminasyon, sipò pou moun ki viktim krim rayisab ak vyolans, seminè ak konferans sou Know Your Rights (Konn Dwa Ou), enskripsyon elektè, ak revandikasyon pou Ameriken Mizilman nan lekòl ak sou fwontyè a.

11. **CUNY CLEAR**
Lang: Arab, Bangla, Angle, Franse, Panyòl, ak Oudou
2 Court Square Long Island City, NY 11101
Telefòn: (718) 340-4558
http://www.cunyclear.org/
Objektif prensipal Pwojè CLEAR (Creating Law Enforcement Accountability & Responsibility) se pou l adrese bagay kominote Mizilman, Arab, Sid Azyatik yo bezwen e ke yo pa jwenn, ansanm ak lòt kominote nan New York City an patikilye kap sibi enpak règleman ak politik sekirite nasyonal ak anti-teyoris.

**12. Desis Rising Up & Moving**

Lang: Bengali, Angle, Indi, Nepalè, Oudou
72-18 Roosevelt Ave. 2nd Floor, Jackson Heights, NY 11372
Telefòn: (718) 205-3036
http://www.drumnyc.org/
Se yon òganizasyon kap revandike an favè imigran Sid Azyatik ak Endo-Karibeyen ki gen revni ba nan New York City. Li kowòdone sèvis legal ak sèvis kominotè tankou bay referans ak tradiksyon, pwogram pou fòme jèn lidè, òganize dwa travayè, kanpay pou jistis rasyal ak jistis imigran yo.

**13. DSI International, Inc.**

Lang: Angle, Franse, Ibo, Yowouba
110-16 Sutphin Blvd., Jamaica, NY 11435
Telefòn: (347) 257-4244
https://www.dsiinternational.org/
Li ofri fanmi Afriken yo seminè sivik, sèvis legal, aktivite kiltirèl, pwogram pou jèn yo, devlopman karyè ak edikasyon finansyè.

**14. Emerald Isle Immigration Center**

Lang: Angle, Panyòl
59-26 Woodside Ave., Woodside, NY 11377
Telefòn: (718) 478-5502
http://eiic.org/
Li bay enfòmasyon sou imigrasyon, asistans pou sèvis sosyal nan sistèm asistans piblik, sèvis pou granmoun aje, swen medikal, swen mantal, referans ak seminè sou travay ak edikasyon.

**15. Immigration Advocacy Services, Inc.**

Lang: Arab, Angle, Grèk, Indi, Italyen, Ponnjabi, Pòtigè, Ris, Panyòl, Oudou
36-16 Astoria Blvd. South, Astoria, NY 11103
Telefòn: (718) 956-8218
http://www.immigrationadvocacy.com/
Li ofri sèvis legal ak asistans konplè nan kesyon imigrasyon.

16. **India Home, Inc.**

Lang: Bengali, Angle, Goujarati, Indi, Ponnjabi
178-36 Wexford Terrace 2nd Floor, Jamaica, NY 11432
Telefòn: (917) 288-7600
[http://indiahome.org/](http://indiahome.org/)
Li ede granmoun aje ki soti nan Sid Azyatik jwenn sèvis tankou kou Angle, sèvis tradiksyon, pwogram sante ak byennèt, aktivite rekreyatif, pwogram manje, jesyon dosye ak defans.

17. **Jacob A. Riis Neighborhood Settlement**

Lang: Bengali, Angle, Franse, Grèk, Kreyòl Ayisyen, Indi, Italyen, Mandaren, Ris, Panyòl, ak lòt lang ankò
10-25 41st Ave., Long Island City, NY 11101
Telefòn: (718) 784-7447
[http://www.riissettlement.org/](http://www.riissettlement.org/)
Li ofri imigran yo sèvis lwès Queens, tankou kou Angle, sèvis sipò, aktivite pou bati kominote, ansanm ak pwogram pou jèn yo ak granmoun aje.

18. **Latin Women in Action, Inc.**

Lang: Chinwa, Angle, Pòtigè, Panyòl
103-06 39 Ave., Corona, NY 11368
Telefòn: (718) 478-2972
[http://www.latinwomeninaction.com/](http://www.latinwomeninaction.com/)
Objektif li se pou l fè fanm Latina ak fanmi yo pran otonomi yo atravè sèvis prevansyon kont vyolans domestik ak abi timoun, otonomi politik, angajman sivik, ak sèvis dirèk nan imigrasyon, sante, travay, konsèy ak lòt ankò.

19. **Metropolitan Russian American Parents Association (MRAPA)**

Lang: Angle, Ris
84-05 108th Street, #C4, Richmond Hill, NY 11418
Telefòn: (718) 415-5912
[Imèl: rusamvlad@yahoo.com](mailto:rusamvlad@yahoo.com)
Objektif li se pou l ede emigre ki pale Ris yo adapte yo ak nouvo vi yo Ozetazini. Yo ofri fanmi yo leson patikilye, diferan pwogram pou anrichi konesans yo, pwogram rekreyatif ak kiltirèl, e yo konekte yo ak sèvis kominotè ki ka difisil pou yo jwenn.

**20. MinKwon Center for Community Action, Inc.**
Lang: Chinwa, Angle, Koreyen
136 136-19 Roosevelt Ave. 3rd Floor, Flushing, NY 11355
Telefòn: (718) 460-5600
http://minkwon.org/
Li defann kòz pou kominote imigran Ameriken Koreyen ak Ameriken Azyatik atravè òganizasyon kominotè, inisyativ pou patisipasyon sivik, aktivite kiltirèl, ak devlopman jèn yo. Epitou li ofri sèvis sosyal ak legal nan domèn imigrasyon, dwa lokatè, dwa travayè, ak asistans piblik.

**21. Polonians Organized to Minister to Our Community**
Lang: Angle, Polonè
6660 Fresh Pond Road, Ridgewood, NY 11385
Telefòn: (718) 366-5365
Li bay imigran Polonè yo asistans yo bezwen pou ranpli benefis gouvènman an bay, referans pou travay, kou Angle, ak asistans ann ijans pou jwenn manje ak rad pou met sou yo.

**22. Queens Community House**
Lang: Angle, Indi, Mandaren, Ris, Panyòl
108-25 62nd Drive, Queens, NY 11375
Telefòn: (718) 592-5757
https://www.qchnyc.org/
Li gen 29 biwo nan Queens ki bay pwogram devlopman jèn yo, sèvis lojman ak sèvis pou pa kite moun sanzabri, inisyativ pou jwenn manje, sèvis pou imigran tankou kou Angle ak asistans legal, ak pwogram pou granmoun aje.

**23. South Asian Council for Social Services**
Lang: Bengali, Kantonè, Angle, Goujarati, Kreyòl Ayisyen, Indi, Kannada, Mandaren, Marati, Malayalam, Nepalè, Ponnjabi, Panyòl, Tamil, Telougou, Oudou
143-06 45th Ave., Flushing, NY 11355
Telefòn: (718) 321-7929
https://www.sacssny.org/
Li desèvi imigran Sid Azyatik yo pou jwenn swen medikal, sèvis sipò pou granmoun aje, angajman sivik, kou Angle ak kou konpyoutè, asistans piblik.

**24. Sunnyside Community Services**

Lang: Angle, Indi, Panyòl ak lòt lang ankò
43-31 39th St., Sunnyside, NY 11104
Telefòn: (718) 784-6173
https://www.scsny.org/
Li ofri pwogram pre-matènèl ak pwogram edikatif apre lekòl, pwogram kou preparasyon pou kolèj ak karyè pou adolesan ak jèn adilt, yon sant pou granmoun aje, sèvis swen adomisil, sipò pou moun ki bay swen ak yon pwogram pou adilt ki andikape.

**25. Women for Afghan Women New York Community Center**

Lang: Dari, Angle, Pachto
71-19 162nd St. Unit CF-D, Fresh Meadows, NY 11365
Telefòn: (718) 591-2434
http://www.womenforafghanwomen.org/
Li bay fanm Afgan yo sipò ak sèvis tankou konsèy pou jesyon dosye, asistans nan domèn imigrasyon, lojman, benefis piblik, kou ak edikasyon, travay, swen medikal, sèvis vyolans domestik, seminè sou byennèt, yon pwogram pou fanm vin lidè, ak yon gwoup sipò.

**26. YWCA Queens**

Lang: Angle, Chinwa, Koreyen, Panyòl
42-07 Parsons Blvd., Flushing, NY 11355
Telefòn: (718) 353-4553
http://ywcaqueens.org/
Li bay fanm ak fanmi yo nan Queens sèvis atravè pwogram ki kouvri otonomi ekonomik, jistis rasyal, sante fanm, sipò fanmi, asistans pou jwenn travay, seminè, ak sèvis imigrasyon.

# Pwogram nan Staten Island

1. **El Centro del Inmigrante**
   Lang: Angle, Panyòl
   1546 Castleton Ave., Staten Island, NY 10302
   Telefòn: (718) 825-2086
   http://elcentronyc.org/
   Li bay imigran Staten Island yo sèvis, sitou sa ki soti Meksik ak Amerik Latin. Pami pwogram sa yo gen kou Angle, GED ak kou alfabetizasyon, òganizazyon travay, edikasyon sante ak depistaj, sèvis dwa imigran ak fanmi, asistans legal, aktivite kominotè, distribisyon manje ak rad.

2. **The Ghanaian Association of Staten Island NY, Inc.**
   Lang: Akan, Angle, ak lòt lang yo pale nan peyi Gana
   https://ghanaiancivicassoc.wordpress.com/
   Li òganize aktivite ki fè pwomosyon kilti ak kominote Ganeyen. Yo rankontre chak premye dimanch mwa yo de 6:30 a 8:30 pm nan El Centro del Inmigrante

3. **Migration Resource Center Staten Island**
   Lang: Albanè, Olandè, Angle, Franse, Grèk, Italyen, Panyòl
   36 Richmond Terrace Suite 307, Staten Island, NY 10301
   Telefòn: (646) 609-8805
   http://www.migrationusa.org/
   Li ofri sèvis imigrasyon legal, kou Angle ak pwogram edikasyon pou sitwayènte, pwogram sosyal kominotè, ak kòlèk fon pou kominote imigran ki gen revni ki ba.

4. **Project Hospitality**
   Lang: Angle, Panyòl
   100 Park Ave., Staten Island, NY 10302
   Telefòn: (718) 448-1544
   https://www.projecthospitality.org/
   Li bay sèvis sante ak sèvis sosyal nan Staten Island tankou sèvis manje ak nitrisyon, pwogram sosyal, sèvis medikal, pwogram pou jèn yo ak granmoun aje, sèvis rekiperasyon apre dezas, sèvis dijans pou fanm ak entèvansyon nan ka vyolans domestik.

5. **Sauti Yetu Center for African Women and Families**
Lang: Arab, Angle, Franse, Foulani, Kotokoli, Mandingo, Soninke, Sousou, Twi, Wolòf, ak lòt lang afriken
380-384 Van Duzer St. 1st Floor, Staten Island, NY 10304
Telefòn: (718) 665-2486 301
http://www.sautiyetu.us/
Li bay fanm imigran Afriken ak fanmi yo ki pòv ak sa ki gen revni ba yo, sèvis yo bezwen. Pami sèvis yo gen sipò sosyal, seminè sou konsyantizasyon ak enfòmasyon sou koupe pati jenital fanm, sèvis nan ka vyolans domestik ak vyolans seksyèl, pwogram nan konsèy ki bay sipò ak yon pwogram pou jèn ki se imigran.

# Resous Toupatou nan Eta a

**Gid Resous pou Imigran nan Leta New York** (**New York State Immigrant Resource Guide)**
[https://www.ny.gov/we-are-all-immigrants/new-york-state-immigrant-resource-guide](https://www.ny.gov/we-are-all-immigrants/new-york-state-immigrant-resource-guide)
Gid Resous pou Imigran nan Leta New York (The New York State Immigrant Resource Guide) ofri yon lis konplè ki gen ajans gouvènman leta yo ki ka bay sèvis nan domèn kominikasyon nan lang, krim ak diskriminasyon, sèvis legal, pwoteksyon konsomatè, sèvis sante, asistans finansyè ak angajman kominotè.

**2-1-1 New York**
[https://211nys.org/](https://211nys.org/)
Rele 211 sou telefòn ou an pou sèvis enfòmasyon gratis, ki pa ijan ki konekte w ak sèvis sante ak sèvis yo bay moun. Gen operatè ki pale plizyè lang. Epitou ou ka jwenn enfòmasyon yo bay sou sèvis yo sou entènèt la.

**Boards of Cooperative Educational Services (BOCES) of New York State**
[https://www.boces.org/](https://www.boces.org/)
BOCES ofri pwogram ak sèvis edikasyon ki pataje bay pratikman tout distri lekòl yo, esepte "Big Five (Senk Pi Gwo yo)" (New York City, Buffalo, Rochester, Yonkers, ak Syracuse). Pami sèvis yo bay yo gen pwogram pou karyè ak pwogram teknik pou elèv lekòl segondè, sèvis pou elèv andikape, lekòl dete, ak pwogram alfabetizasyon ak fòmasyon pwofesyonèl pou travay pou adilt. Chèche biwo lokal BOCES la nan sitwèb ki make anwo a.

**New York State Division of Human Rights (DHR)**
[https://dhr.ny.gov/](https://dhr.ny.gov/)
DHR ranfòse lwa sou Dwa Imen nan New York yo, ki entèdi diskriminasyon nan anplwa, lojman, kredi, kote ki gen akomodasyon piblik, ak enstitisyon edikatif ki pa fè pati yon sèkt, diskriminasyon ki baze sou laj, ras, orijin nasyonal, sèks, oryantasyon seksyèl, kondisyon marital, andikap, kondisyon militè ak lòt klas byen presi. Ou ka pote plent poutèt pratik diskriminatwa pou DHR envestige, nan sitwèb yo oswa nan (888) 392-3644.

**New York State Office for New Americans (ONA)**
[https://www.newamericans.ny.gov/](https://www.newamericans.ny.gov/)
ONA opere 27 **Sant Opòtinite (Opportunity Centers**) ki baze nan katye. Sant sa yo ofri plizyè sèvis gratis, ikonpri asistans legal, kou Angle-pou-Moun-ki-Pale-Lòt-lang (ESOL), asistans pou natiralizasyon, fòmasyon pou antreprenè ak sesyon enfòmasyon pou konn kijan pou jwenn sèvis leta bay yo. Lè w rele liy asistans **New York State New Americans Hotline** (1-800-566-7636), gen moun ki pale plizyè lang ki bay enfòmasyon gratis e konfidansyèl sou imigrasyon e ki bay rekòmandasyon tou pou moun jwenn asistans an tout konfyans nan plis pase 200 lang.

**Office of Bilingual Education and World Languages (OBEWL)**
[http://www.nysed.gov/bilingual-ed](http://www.nysed.gov/bilingual-ed)
New York State Education Department's OBEWL bay konsèy ak resous pou Aprenan Lang Angle (ELL

yo)/Aprenan Plizyè Lang (MLL yo). Nan sitwèb yo a, yo ofri règleman ak memorandòm ki ajou; epi yo ofri resous pou paran ak nimewo telefòn asistans pou fanmi elèv MLL/ELL nan lekòl New York yo.

**Òganizasyon Kominotè Toupatou nan Eta a**

**American Immigration Lawyers Association – New York Chapter**
http://www.ailany.org/
American Immigration Lawyers Association se yon asosyasyon avoka ki pratike e ki anseye dwa sou imigrasyon. Yo reprezante dè dizèn de milye biznis ak endistri Ozetazini, etidyan etranje, atis, atlèt, ak moun kap mande azil, souvan sou baz *pro bono (gratis)*.

**Asian American Federation**
http://www.aafny.org/
Asian American Federation reprezante ajans sèvis kominotè rezo pàn-Azyatik nan zòn Nòdès la. Yo travay nan domèn rechèch, defans règleman, konsyantizasyon piblik, ak devlopman òganizasyonèl nan domèn sante ak sèvis imen, edikasyon, devlopman ekonomik, patisipasyon sivik, ak jistis sosyal.

**Empire Justice Center**
https://empirejustice.org/
Empire Justice Center se yon òganizasyon ki toupatou nan eta a kap chèche ranfòse dwa legal moun ki nan New York ki pòv e ki pa gen dwa fondamantal. Yo bay fòmasyon, sipò ak asistans teknik pou sèvis legal, yo ofri moun asistans legal dirèk nan domèn sivil, epi yo angaje yo nan analiz règleman, rechèch ak defans.

**Hispanic Federation**
https://hispanicfederation.org/
Hispanic Federation se yon òganizasyon nasyonal ki gen manm ki enskri ladann e ki pa travay pou pwofi. Li travay nan domèn edikasyon, sante, imigrasyon, angajman sivik, emansipasyon ekonomik ak anviwònman an. Yo bay gwoup manm yo sèvis epi yo defann enterè Latino yo ak administre pwogram asistans kominotè ak sèvis sosyal dirèk.

**Immigrant Defense Project**
https://www.immigrantdefenseproject.org/
Immigrant Defense Project travay pou l asire egalite ak jistis pou imigran ki Ozetazini atravè fòmasyon ak konsèy, litij ki gen enpak, defans, angajman ak edikasyon kominotè, kominikasyon ak fè pase mesaj. Yo ofri resous pou kominote ak avoka yo, epi yo gen yon liy asistans telefonik espesyal pou bay moun konsèy legal gratis.

**International Refugee Assistance Project (IRAP)**
https://refugeerights.org/
International Refugee Assistance Project bay èd legal dirèk *pro bono (gratis)*, litij, ak defans pou refijye ak moun yo deplase, ansanm ak enfòmasyon ak resous pou popilasyon sa yo.

**National Association for the Advancement of Colored People (NAACP)**
https://www.nysnaacp.org/
NAACP travay pou l defann egalite sou plan politik, edikasyon, sosyal ak ekonomik pou tout sitwayen. Epi li travay pou yon sosyete kote tout moun gen menm dwa san diskriminasyon ki baze sou ras. Yo travay nan domèn angajman sivik, jistis kriminèl, edikasyon, sante ak estabilite ekonomik.

**New York Civil Liberties Union (NYCLU)**
https://www.nyclu.org/
New York Civil Liberties Union goumen pou libète sivil ak dwa sivil atravè yon pwogram litij plizyè nivo, defans, edikasyon piblik, ak òganizasyon kominotè. NYCLU gen wuit (8) biwo nan Leta New York epi l bay sèvis legal, enfòmasyon ak resous pou reyaji kòmsadwa parapò ak vyolasyon dwa sivil.

**New York Immigrant Coalition (NYIC)**
https://www.nyic.org/
New York Immigrant Coalition se yon òganizasyon ki mennen yon politik jeneral e ki defann dwa moun. Li reprezante plis pase 200 imigran ak gwoup ki defann dwa refijye toupatou nan New York. Yo pran angajman pou yo kontakte elektè ak fè mobilizasyon, yo ofri dokiman ki bay bon jan enfòmasyon nan plizyè lang sou kesyon ki konsène imigran, yo milite an favè lwa ak règleman, epi chak ane yo òganize sesyon enfòmasyon ak prezantasyon sou lwa imigrasyon ak lòt pwoblèm ki afekte imigran.

**Parent-Child Home Program (PCHP)**
http://www.parent-child.org/
Rezo ki chaje ak lokal pou pwogram Parent-Child Home Program  bay fanmi ki pa gen anpil revni zouti ak konesans yo bezwen pou asire timoun yo atenn tout potansyèl yo nan lekòl ak nan lavi. Yo gen 29 lokal atravè New York ki angaje nan vizit adomisil, nan distribisyon resous edikatif, ak nan preparasyon akademik.

**Protecting Immigrant New Yorkers (PINY)**
https://protectingimmigrants.org/
Protecting Immigrant New Yorkers se yon gwoup moun kap travay sou sipèvizyon New York Immigrant Coalition ki kowòdone ant ajans gouvènman ak òganizasyon kominotè yo pou konbat fwòd nan sèvis imigrasyon. Yo fè pwomosyon pou pratik imigrasyon egzanplè, yo ankouraje dyalòg, yo kowòdone aplikasyon lalwa kont moun kap fè fwòd, yo pibliye dokiman tankou kanpay piblisitè sou konsyantizasyon piblik, feyè "konn-dwa-w", ak konsèy pou konsomatè pa viktim moun kap fè fwòd.

# Remèsiman

Nou ta renmen remèsye patikilyèman tout moun ki te bay patisipasyon yo pou nou te ka kreye gid sa a.  Metsouli, nou apresye asistans enstitisyon suivan yo te bay:

Advocates for Children

❖

Education Trust NY

❖

Hispanic Federation

❖

New York Immigration Coalition

❖

Regional Bilingual Resource Networks (RBERNs)

**OFFICE OF BILINGUAL EDUCATION AND WORLD LANGUAGES**

**http://www.p12.nysed.gov/biling/bilinged/ OBEWL@NYSED.GOV**